

Rapò sou Règleman Kont Diskriminasyon ak Asèlman (PADH)

Gade PADH: Règleman Kont Diskriminasyon, Asèlman ak Pratik Diskriminasyon nan Travay Sèvis pou jwenn plis enfòmasyon sou Règleman an 106.

<https://www.rochester.edu/working/hr/policies/pdfpolicies/106.pdf>

Si ou gen kesyon konsènan si enkyetid ou yo tonbe oswa pa tonbe nan limit PADH, tanpri imèl kesyon ou yo ba PADH@rochester.edu.

Asistans nan Ijans

Si ou panse ensidan sa a prezante yon menas pou sante oswa sekirite pou nenpòt moun nan kominote Invèsite a, tanpri kontakte Depatman Sekirite Piblik nan nimewo 585-275-3333.

* endike yon espas ki obligatwa pou ranpli

Rapò PADH

Èske ou gen yon enkyetid ou ta renmen prezante? Tanpri itilize fòm rapò anba a.

Asistans avèk Fòm sa a

Moun ki bezwen asistans pou ranpli fòm sa a (tankou si ou bezwen yon tradiktè) ta dwe kontakte Biwo Medyasyon Invèsite a nan nimewo 585-275-9125 oswa nan imèl nan ombuds@rochester.edu.

Avètisman konsènan Anonimite

Ou ka prezante rapò sa a san ou pa mete non ou ladan; men, si yon anketè pa kapab kontakte ou pou li jwenn plis enfòmasyon, kapasite Invèsite a pou fè aksyon pou reponn plent ou ka limite anpil.

Mwen se yon a *

Diversity and Inclusion Officer

Non Rapòtè a (Non Ou)

Pwonon ou yo

Imèl Rapòtè a

Nimewo Telefòn Rapòtè a

Èske w ap rapòtè pou tèt ou oswa sou non yon lòt moun? *

Si se sou non yon lòt moun, tanpri idantifye moun nan.

Tanpri dekri konpòtman, konduit oswa entè-aksyon diskriminasyon an asèlman an oswa vanjans lan. *


Tanpri di nou kichòy sou chak zak apa konpòtman, konduit oswa entè-aksyon oumenm oswa moun ou rapòtè sou non li a te viktim. Tanpri mete dat yo, lè yo, non moun ki konsène yo (si ou konnen yo) non nenpòt temwen (si ou konnen), epitou eksplike pou kisa ou te konsidere konpòtman sa a, konduit sa a oswa entè-aksyon sa a kòm diskriminasyon, asèlman, oswa vanjans:

Dat/Lè Konpòtman, Konduit, oswa Entè-aksyon ou rapòtè a (si ou konnen) *

Tanpri endike tout dat ou konnen yo pou konpòtman an, konduit la, oswa entè-aksyon an. Tanpri note tou si konpòtman ap kontinye.

Adrès Konpòtman, Konduit, oswa Entè-aksyon ou rapòtè a *

Tanpri idantifye kote te gen konpòtman an, konduit la, oswa entè-aksyon an.



Èske ou panse nenpòt nan sa yo te motive konpòtman, konduit oswa entè-aksyon sa a? *

Tanpri tcheke tout sa ki konsène ou:

- Laj
- Arestasyon oswa Dosye Kondanasyon ki pa annatant
- Sitiyasyon Sitwayènte
- Koulè
- kwayans/Relijyon (tankou Abiman Relijye oswa Pwal nan Figi)
- Vyołans nan relasyon boubout/kay
- Andikap
- Resous pou sitiayson Vyołans nan Kay
- Gwoup Etnik
- Sitiyasyon Fanmi
- Idantite/Ekspresyon Jan
- Enfòmasyon Jenetik
- Eta Sivil
- Sitiyasyon Militè/Veteran
- Peyi kote ou Fèt
- Lòt - Tanpri endike anba a.
- Gwosès
- Ras (tankou Estil Cheve)
- Desizyon ou pran sou Sante Repwodiksyon ou
- Vanjans
- Sèks
- Atak Seksyèl:
- Asèlman Seksyèl
- Preferans Seksyèl
- Pouswit

Si ou chwazi ‘Lòt’ anwo a, tanpri endike

Kont kimoun plent lan ye? *

Moun ki Konsène *

Tanpri idantifye nenpòt lòt moun ki konsène (moun ki ladan ak temwen) tankou depatman (yo), si genyen:

Lòt Enfòmasyon

Deklarasyon pou Konfidansyalite

Inivèsite a pral fè etap ki rezonab pou pwoteje konfidansyalite Pleyan yo, Defandè yo ak temwen yo. Pleyan yo, Defandè yo ak temwen yo pral resevwa avi k ap fè yo konnen divilgasyon enfòmasyon sou plent lan oswa sou ankèt la gen posiblité pou konpwomèt onètete ankèt la.

Nenpòt kalite vanjans se yon vyolasyon Règleman inivèsite a Kont Diskriminasyon, Asèlman ak Pratik Diskriminasyon nan Travay/ Sèvis (Règleman 106). Moun ki konsène yo rete libelibè pou divilge pwòp eksperyans yo;men, pou evite posiblité pou konpwomèt ankèt la anjeneral li rekòmande pou limite kantite moun yo fè konfyans pandan pwoesisis ankèt la. Selon sikostans yo, anketè a ka fè kèk etap pou pwoteje onètete ankèt la oswa pou evite konduit li kapab konsidere kòm yon vanjans.

Anti-Vanjans

Règleman Inivèsite a Kont Diskriminasyon, Asèlman ak Pratik Diskriminasyon nan Travay/Sèvis (Règleman 106) entèdi fòmèlman pou nenpòt etidyan, pwofesè, manm pèsonèl, oswa manm kominate Inivèsite a fè vanjans kont yon moun paske moun nan fè yon rapò an bòn-fwa anba Règleman 106.

Resous Sipò

Si ou se yon anplwaye ki bezwen sipò emosyonèl konseye Pwogram Asistans pou Anplwaye (Employee Assistance Program, EAP) disponib pou ou 24 èdtan pa jou. Ou kapab kontakte EAP nan nimewo 585-276-9110. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou sitwèb URMC.Rochester.edu/EAP.

Si ou se yon etidyan k ap chèche sipò emosyonèl, Sant Konsèy Inivèsite a (University Counseling Center, UCC) se yon resous konfidansyèl epi li disponib pou ou 24 èdtan pa jou. Ou kapab kontakte UCC nan nimewo 585-275-3113. Pou jwenn plis enfòmasyon, ou kapab ale sou sitwèb Rochester.edu/UHS/UCC.


Tache dokiman yo/Chaje

Tanpri tache nenpòt dokiman enpòtan, pito nan youn nan fòma sa yo (si yo disponib): Word document, jpeg, pdf, png, mp3.

Mete fichye yo la a pou chaje yo

Chaje Fichye

Verifikasyon *



prezante

Ale sou sitwèb